दिन– शुक्रवार दिनांक–20.06.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी राजद आ कांग्रेस के विकास विरोधी कहलनि अछि। श्री मोदी आइ सीवानक जसौली मे आमसभा के संबोधित करैत कहलनि जे ई पार्टी सभ माफिया राज, गुंडा राज आ भ्रष्टाचारक पोषक रहल अछि। ओ कहलनि जे पंजा आ लालटेन मिलिकऽ बिहारक स्वाभिमान के ठेस पहुंचौलक अछि। ई लोकनि एहेन लूट मचौलनि जे गरीबी बिहारक दुर्भाग्य बनि गेल। प्रधानमंत्री कहलनि जे नीतीश कुमार के नेतृत्व मे एनडीए सरकार बिहार के विकासक पटरी पर वापस अनलनक अछि। श्री मोदी कहलनि जे बिहारक बदहालीक दिन आब बीतल दिनक गप भऽ गेल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे केंद्र सरकारक सहयोग सँ बिहार मे डबल इंजनक सरकार सँ विकासक गति तेज भेल अछि आ लोकसभ के कल्याणकारी योजना सभक लाभ भेटि रहल अछि। एम्हर प्रदेशक मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनसभा कँ संबोधित करैत कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे केन्द्रक एनडीए सरकारक सहयोग सँ बिहारक तेजी सँ विकास भँ रहल अछि।

---

जनसभा के संबोधित करबा सँ पहिने प्रधानमंत्री श्री मोदी वीडियो कॉन्फ्रेंस के माध्यमे पांच हजार नओ सय करोड़ टाका सँ बेसी कँ लागतवला विभिन्न योजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। श्री मोदी शहरी विकास, जल उपचार, प्रधानमंत्री आवास योजना आ रेलवे सँ संबंधित विभिन्न विकास परियोजनाक लोकार्पण आ शिलान्यास कयलनि। प्रधानमंत्री शहरी विकास लेल अमृत योजनाक अंतर्गत दू हजार एक सय तिरासी करोड़ टाकाक लागति सँ जलापूर्ति आ सीवरेज परियोजनाक शिलान्यास कयलनि। ओ गंगा नदीक संरक्षण आ पुनरूद्धारक लेल नमामि गंगे योजनाक अंतर्गत एक हजार आठ सय पच्चीस करोड़ टाका सँ बेसी कँ परियोजनाक उद्घाटन आ आठ सय करोड़ टाका सँ बेसी के परियोजना सभक शिलान्यास कयलनि। प्रधानमंत्री श्री मोदी प्रति घंटा पांच सय मेगावाट क्षमताक बैट्री ऊर्जा भंडारण प्रणालीक आधारशिला रखलनि। ई प्रणाली मुजफ्फरपुर, मोतिहारी, बेतिया आ सीवान सहित राज्यक पंद्रह ग्रिड सब–स्टेशन मे स्थापित कयल जायत।

श्री मोदी प्रधानमंत्री आवास योजना–शहरी के तिरपन हजार छओ सय सँ बेसी लाभार्थी सभ कँ योजनाक पहिल किस्तक राशि जारी कयलनि। ओ एहि योजनाक अंतर्गत पूरा भेल छओ हजार छओ सय सँ बेसी मकानक गृह प्रवेशक आयोजन कँ अंतर्गत किछु लाभार्थी सभकँ आवासक चाभी सेहो सौंपलनि। श्री मोदी आधारभूत ढांचाक विकासक लेल बिहार आ उत्तर प्रदेश के जोड़यवला नव वैशाली–देवरिया रेल लाईन परियोजनाक उद्घाटन कयलनि। एहि पर चारि सय करोड़ टाका सँ बेसी लागति आयल अछि। ओ उत्तरी बिहार सँ उत्तर प्रदेशक पूर्वांचल धरि उत्तम रेल संपर्कक लेल मुजफ्फरपुर आ बेतिया होइत पाटलिपुत्र आ गोरखपुरक मध्य वंदे भारत एक्सप्रेस ट्रेन के सेहो विदा कयलनि। एहि नव वंदे भारत एक्सप्रेस ट्रेन सँ पश्चिमी बिहार आ पूर्वी उत्तर प्रदेशक लोक सभक एक पुरान मांग पूरा भेल अछि। प्रधानमंत्री सारण जिलाक मढ़ौरा कँ रेल इंजन कारखाना मे निर्मित उच्च क्षमतावला लोकोमोटिव इंजनक पहिल खेप कँ पश्चिमी अफ्रीकी राष्ट्र गिनी के लेल हरियर झंडी देखाकऽ विदा कयलनि।

———————————————————————————

अंतरराष्ट्रीय योग दिवस के लऽकऽ तैयारी कँ अंतिम रूप देल गेल अछि। काल्हि मुख्य समारोह विशाखापत्तनम मे आयोजित होयत जकर नेतृत्व प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी करताह। एहि अवसर पर प्रदेशक विभिन्न भाग मे सेहो योग शिविर आ योग जागरूकता कार्यक्रम आयोजन कयल जायत। राज्यक मुख्य पर्यटन आ सांस्कृतिक स्थल सभ पर संस्कृति मंत्रालयक तत्वावधान मे योग सत्र आयोजित कयल जायत। ओतहि, प्रदेशक सभ सरकारी आ निजी स्कूल मे योगाभ्यास सत्र–योग संगमक आयोजन होयत। योग स्वस्थ जीवनक लेल वरदान अछि एहि के हमरा सभ कँ अपन जीवन शैली मे आवश्यक रूपें सम्मलित करबाक चाही। एम्हर, पटना उच्च न्यायालय मे आइ विशेष योग सत्रक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————

राज्य मे वर्ष दू हजार छब्बीस मे होबऽवला पंचायत आम चुनाव मे आरक्षणक नव प्रावधान लागू होयत। राज्य निर्वाचन आयोग स्पष्ट कयलक जे दू पंचायत चुनावक बाद नियमानुसार आरक्षण व्यवस्था मे बदलाव कयल जाइत अछि। पंचायत निर्वाचन नियमावलीक प्रावधानक अनुसार वर्ष दू हजार छब्बीस मे नव चक्र के अनुसार पंचायत चुनाव होयत।

————————————————————————————————————

प्रदेशक अधिकतर भाग मे मॉनसून सक्रिय भऽ गेल अछि। एहि के प्रभाव सँ राजधानी पटना सहित अधिकांश भाग मे वर्षाक क्रम जारी अछि।

————————————————————————————————————

समाप्त भेल।